



HURRICANES

Kouman pou lave men nan kadijans

Haitian-Creole translation of "Handwashing in Emergency Situations" (www.bt.cdc.gov/disasters/hurricanes/handwashing.asp)

Aprè yon kadijans, li ka difisil pou jwenn dlo tiyo. Malgre sa, li enpòtan pou w lave men ou pou evite maladi. Li pi bon pou w lave men ou avèk dlo ak savon, men lè pa genyen dlo sèvi avèk pwodwi ki genyen alkòl ki fèt pou lave men. Men kèk konsèy ki di w kijan pou w lave men ou avèk savon ak dlo epi avèk pwodwi ki genyen alkòl.

Ki lè ou dwe lave men ou?

1. Anvan w prepare manje oubyen anvan w manje.
2. Apre w fin al nan twalèt.
3. Apre w fin netwaye yon timoun ki soti nan twalèt.
4. Lè wap pran swen yon moun ki malad.
5. Apre w fin manyen manje ki pa kwit, espesyalman vyann, poul, ak pwason kri.
6. Apre w fin mouche nen ou, touse, oubyen estyene.
7. Apre w fin okipe yon bêt oubyen poupou bêt la.
8. Apre w fin manyen oubyen sèvi ak poubèl.
9. Apre w fin trete yon kote ki koupe oubyen yon blesi.

Teknik pou w lave men avèk pwodwi ki genyen alkòl

Lè men yo parèt sal, li bon pou w lave yo ak savon ak dlo, si yo disponib. Men, si savon ak dlo pa disponib, sèvi ak pwodwi ki genyen alkòl pou w lave men w. Lè wap sèvi avèk pwodwi ki genyen alkòl pou lave men ou, mete pwodwi a nan yon plamen ou epi fwote men yo ansanm, pase I nan tout men yo avèk dwat yo jiskaske men yo sèch. Note byen, chak pwodwi genyen yon kantite diferan ki nesesè pou konbat mikwòb. Pwodwi ki genyen alkòl yo ede redwi kantite mikwòb ki sou po moun anpil, yo aji vit, epi yo pa lakòz anpil iritasyon nan po a.

Teknik pou lave men avèk savon ak dlo

Teknik ki korèk la pou lè wap lave men ou avèk savon ak dlo:

1. Mete tou de men yo anban dlo (dlo tyèd si sa posib).
2. Fwote men ou pandan omwen 20 segonn (avèk savon si sa posib). Lave tout kote nan men yo, sa vle di ponyèt yo, plamen yo, do men yo, dwèt yo, avèk anban zong yo.
3. Netwaye salte anban zong yo.
4. Rense savon ki rete nan men yo.
5. Siye men yo byen siye avèk sèvyèt pwòp si sa posib (sa ede retire mikwòb yo). Men, ou kapab kite men yo seche nan lè, si sèvyèt yo pa disponib, oubyen si plizyè moun sèvi ak yo.
6. Pou po a pa domaje, tape men ou olye pou w fwote yo.
7. Si w sèvi avèk yon sèvyèt papye oubyen sevyèt yo ka jete yo, jete li pou lòt moun pa pran mikwòb ou yo.

20 out 2004

For more information, visit www.bt.cdc.gov/disasters/hurricanes
or call CDC at 800-CDC-INFO (English and Spanish) or 888-232-6348 (TTY).